

**Enfòmasyon enpòtan pou oumenm ak fanmi ou**

# Swen dijans nan Lynn ap chanje

## Angaje pou yon North Shore ki pi an sante

Premye priyorite nou nan North Shore Medical Center se sante ak byennèt ou. Se poutèt sa n ap investi nan nouvo etablisman ki klase pami pi bon ki gen nan monn lan, ki fèt espesyalman pou pasyan nou yo

ak kominote a. Amezi n ap amelyore swen sante yo, pral gen gwo chanjman nan fason ou resevwa swen dijans nan Lynn. Li anons sa a pou jwenn enfòmasyon enpòtan k ap konsène oumenm ak fanmi ou.

## Depatman Dijans nan NSMC Union Hospital ap fèmen le 3 Novanm.



**Si ou gen yon IJANS sante apre 3 Novanm Rele**

**911**

**Oswa ale nan**

**NSMC Salem Hospital  
3 Dove Avenue  
Salem, MA 01970**

**Li louvri 24 sou 24/7 jou sou 7**



**Pou ti blesi ak maladi, tankou tous, koupe, oswa gratèl**

**Ale nan**

**NSMC Urgent Care  
500 Lynnfield Street  
Lynn, MA 01904**

**Li louvri ant 9 am ak 9 pm**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou swen dijans pou rezidan Lynn yo, ale nan

[nsmc.partners.org/healthiernorthshore](https://nsmc.partners.org/healthiernorthshore)



**NORTH SHORE  
MEDICAL CENTER**

*a member of Partners HealthCare*

# Nouvo Depatman Dijans NSMC Salem Hospital

Nan dat 3 novanm 2019, NSMC ap louvri yon nouvo Depatman Dijans dènne kri sou kanpis NSMC Salem lan, ki prevwa pou bay sèvis pi rapid, swen ki pi konfòtab epi sitou, lapè nan lespri pou oumenm ak fanmi ou.

# Ouvèti Nouvo NSMC Urgent Care nan Lynn

Le 4 novanm 2019, NSMC ap louvri yon sant swen ijan nan NSMC Union Hospital.

## Èske mwen bezwen yon Depatman Dijans oswa yon Sant Swen Ijan?

### Depatman Dijans lè:



pwatrin ou fè ou mal oswa ou pa ka respire.



ou panse ou gen yon estwok.



w ap senyen anpil oswa ou pran yon chòk nan tèt.



ou gen pwoblèm pou ou wè, tande, oswa pale.

### Swen Ijan lè:



ou gen yon ti antòs, zo kase, yon koupe, oswa boule.



ou gen dyare oswa kè plen.



ou gen yon maltèt oswa yon lafyèv.



ou gen yon move rim oswa ou gen grip.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou swen dijans pou rezidan Lynn yo, ale nan

[nsmc.partners.org/healthiernorthshore](https://nsmc.partners.org/healthiernorthshore)



**NORTH SHORE  
MEDICAL CENTER**

a member of Partners HealthCare